сақлаў қәбилетлерин раўажландырады ҳәм тарийхый билимлерин қәлиплестириўге тийкар болады. Сондай-ақ, улыўма орта билимлендириўдиң мәмлекетлик билимлендириў стандартында белгилеп қойылған таяныш ҳәм пәнге тийисли компетенцияларды қәлиплестириўге жәрдем береди.

**Әдебиятлар**


1. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг «Умумий ўрта, ўрта махсус таълимнинг давлат таълим стандартини тасдиқлаш тўғрисида"ги 187-сон Қарори (2017 йил 6 апрель).
2. Өзбекстан Республикасы Президенти Ш.М.Мирзиёевтиң Олий Мажлиске Мүрәжаты, 2020-жыл 24-январь.
3. Ишмуҳамедов Р., Юлдашев М. «Таълим ва тарбияда инновацион педагогик технологиялар». -Т.: «Ниҳол», 2013.
4. Жуманиёзова М. Тарих дарсларида интерфаол методлардан фойдаланиш (методик қўлланма). -Т.: 2005.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада педагогик технологияларнинг афзалликлари тўғрисида хулосалар чиқарилган ва тарих дарсларида интерфаол методлардан фойдаланиш усуллари кўрсатиб ўтилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье анализируются преимущества использования педагогических технологий и интерактивных методов на уроках истории.

**SUMMARY**

The article deals with the advantages of using pedagogical technologies and interactive methods at the lessons in History.


## ГЕОГРАФИЯ САБАҚЛАРЫН ОҚЫТЫЎДА ӨЗБЕТИНШЕ ТАПСЫРМАЛАРДЫ ПАЙДАЛАНЫЎДЫҢ ӘҲМИЙЕТИ


**Г.Ө.Жиемуратова –** *үлкен оқытыўшы*

*Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў хызметкерлерин қайта таярлаў ҳәм олардың қәнигелигин арттырыў Аймақлық орайы*

**Г.А.Ходжаева –** *география илимлериниң кандидаты*

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*



**Таянч сўзлар:** инновацион, креатив, стандарт, озон, методика, PISA, стратегия, материк, океанлар.
**Ключевые слова:** инновация, креатив, стандарт, озон, методика, PISA, стратегия, материк, океаны.
**Key words:** innovation, creative, standard, ozone, methodology, PISA, strategy, continent,ocean.


Бүгинги күнде билимлендириў тараўын жоқары дәрежеге көтериў ушын мәмлекетимиз тәрепинен жаратылып атырған имканиятлар жүдә үлкен. Бул имканиятларды жаратып бериўдиң тийкарғы мақсети келешек жасларымызға сыпатлы билим бериў екенлиги ҳешкимге сыр емес.

Президентимиздиң мәмлекет басшысы сыпатында өз искерлигиниң дәслепки күнлеринен баслап-ақ елимизде инновацион ҳәм креатив пикирлейтуғын заманагөй кадрлар таярлаў, жасларды ўатансүйиўшилик руўхын, жоқары мәнаўият ийелери етип тәрбиялаў, сол мақсетте билимлендириў тараўын еле де жетилистириў мәселелерине айрықша итибар қаратып келмекте. Олардың айқын бир мысалы «Өзбекстан Республикасын және де раўажландырыў бойынша ҳәрекетлер стратегиясы ҳаққында»ғы 2017-жыл 7-февральдағы ПФ-4947-санлы пәрманы менен тастыйықланған «2017-2021 жылларда Өзбекстан Республикасын раўажландырыўдың бес жөнелиси бойынша «Ҳәрекетлер стратегиясы» шеңберинде Өзбекстанда билимлендириў сыпатын баҳалаўда жаңа мониторинг системасын халықаралық баҳалаў бағдарламалары жәрдеминде анықлаў ҳәм оларға тийкарланған системаның қәлиплестирилиўин айтып өтсек болады [1]. Бунда мәмлекетимиз 2021-жылы PISA халықаралық баҳалаў бағдарламасында қатнасыў көзде тутылмақта. Бул бағдарламада қатнасыўдың тийкарғы мақсети тестлерди өткериў яки оқыўшыларды тестке таярлаў емес, оқыўшыларымызда XXI әсир көнликпелерин қәлиплестириў, бәсекиге шыдамлы кадрларды таярлаў ушын беккем шараят жаратыў болып есапланады деп көрсетилген. Бундай бағдарламалар оқыўшы жаслардың дөретиўшилик ҳәм креатив пикирлеўи, алған билимлерин турмыста қоллана алыў қәбилетлерине баҳа бериў ҳәм бул көнликпелерди раўажландырыўға бағдарлайды. Бул көнликпелерди раўажландырыў ушын улыўма орта билим бериў мектеплериндеги ҳәр бир оқытыўшы оқыўшыларға сабақ даўамында илимий билимлерди бериў менен бирге оларда кең дүнья қарасты пайда етиў, ойлаў ҳәм өзбетинше пикирлеў көнликпелери арқалы билимге болған қызығыўшылығын раўажландырып барыўы керек. Бунда биринши гезекте оқытыўшының өзинен көп жуўапкершилик талап етиледи.

Сонлықтанда, оқытыўшылар өзлериниң үстинде көбирек өзбетинше излениўи керек. Себеби, оқыўшылар тез пәт пенен раўажланып баратырған дәўирде ҳәр қыйлы жаңалықлардан ҳәм мағлыўмат дереклеринен қәлеген орынларда өзлерине керек билимлерди алады десек қәтелеспеймиз.

Улыўма орта билим бериў мектеплеринде алып барылатуғын өзбетинше жумысларда оқыўшылардың логикалық пикирлеўин раўажландырыў, ақылый қәбилетин, илимий дүнья қарасын кеңейттириў ҳәм ҳәр бир жаңалықты тез ҳәм толық қабыллай алыўы арқалы креатив пикирлеў көнликпелерин қәлиплестириўден ибарат. Сонлықтанда бүгинги күни оқытыўшы билим алыўшының еркин пикирлеўин тәмийинлеў ушын ҳәр қыйлы өзбетинше тапсырмаларды таярлаўы керек. Өзбетинше тапсырмалар арқалы оқыўшылар изленеди, жазады ҳәм жуўмақ шығарыў көнликпелерине ийе болады, ал оқытыўшы тек ғана таяр билим берип қоймастан олардың излениўине мүмкиншилик жаратады. Тилекке қарсы бүгинги күнде оқытыўшылардың көпшилиги ески усылда яғный сабақлықтағы бар болған мағлыўматларды айтып, түсиндирип бериў менен ғана шекленип қалмақта, ол оқыўшыларды өзбетинше пикирлеўден узақластырып, керисинше таяр билимлерди ғана алыўға үйретеди.

Оқыўшылардың өзбетиншелигин арттырыў ушын биринши гезекте оқытыўшының өзи көбирек қосымша мағлыўматларды қосып күнделикли сабаққа таярлап келиўи керек. Оқытыўшы күнделикли сабаққа таярланыў барысында оқыўшылар ушын өзбетинше тапсырмалар таярлайды ҳәм темаға тийисли қосымша мағлыўматларды өзиде излейди. Темаға тийисли таярланған өзбетинше тапсырмалар оқыўшыларды еркин пикирлеўге үйретеди ҳәм оқыўға болған қызығыўшылығын асырады, оқытыўшының сабаққа қызықтыра алыўы болса арқалы оқыўшының тийисли билимлерди пухта өзлестириўине алып келетуғынлығын көриўимиз мүмкин. Биз буннан оқыўшылардың сыпатлы билим алыўында тийкарынан оқытыўшының роли жүдә үлкен екенлигин түсинемиз.

Географ методист алым О.Мўминовтың "Тәбийий география таълими методикасы" китабында "Оқытыўшы ўақтын аямай, үзликсиз рәўиште дөретиўшилик пенен излениўи, қандайда бир нәрсени ойлап табыўы, топлаўы, улыўмаластырыўы, оқыўшыларға қандай да бир жаналықлар бериўи, талап

етилген зәрүр билимлерди белгили бир тәртипте үйретиўи лазым” деп көрсетип өткен [2].Солай екен оқыўшыларда Мәмлекетлик билимлендириў стандарты талап еткен билим, көнликпе ҳәм уқыплылықларды оқыўшыларда қәлиплестириўде биринши гезекте оқытыўшыдан өзбетинше излениўшиликти талап етеди.

Өзбетинше тапсырмалар ҳәр қыйлы усылларда оқытыўшы тәрепинен таярланып олардың орынланыўы арқалы оқыўшылар сабақлық пенен ислесиў мүмкиншилигине де ийе болады. Себеби, сабақлық-оқыўшылар ушын тийкарғы қолланба, олар алатуғын билимлердиң ең зәрүр дереги [1]. Оқытыўшының сабақлық пенен ислесиўди үйретиўи арқалы оқыўшы үйге берилген тапсырманы да өзбетинше орынлаўға ҳәрекет етеди. Өзбетинше тапсырмаларды сабақтың қәлеген басқышларында бериўимиз мүмкин. Бирақ, өзбетинше жумыслар оқыўшылардың жасына олардың таярлық дәрежесине ҳәм индивидуал қәсийетлерине сәйкес келиўи, сондай-ақ, жумыстың нәтийжеси оқыўшыларға жаңалық бериўи шәрт. Егерде оқытыўшы сабақ даўамында жаңадан қызығарлы ўақыя ҳәм фактлерди көрсетип билсе яки айта алса ол оқыўшының пәнге деген қызығыўшылығын асырып өзбетинше пәнге тийисли қосымша әдебиятларды да саналы түрде оқый алыў мүмкиншилигин жаратады. Бул сабақ даўамында оқытыўшы тәрепинен таярланған тапсырмаларды еркин түсинип, кеңнен пикирлеў имканиятын жаратады.

Улыўма орта билим бериў мектеплериниң 6-классларында “Материклер ҳәм океанлар тәбийий географиясы” пәнин оқытыўда оқыўшыларға ҳәр бир темада өзбетинше тапсырмалар таярлаўымызға болады ҳәм бул бойынша төменде бирнеше мысаллар келтиремиз. Мысалы:«Материклер ҳәм океанлар тәбийий географиясында»нелер үйрениледи? темасын үйрениўде оқыўшылар ушын ҳәр қыйлы өзбетинше тапсырмалар таярлаўымыз мүмкин. Бул тема ең биринши үйренилетуғын тема болғанлықтан оны кеңирек үйретиў үлкен әҳмийетке ийе. Сонлықтанда, оқыўшыларға ең дәслеп бул курстың мақсет ҳәм ўазыйпаларын әпиўайы усылларда түсиндириў талап етиледи. Бунда оқыўшыларға 5-класста “Тәбийий география басланғыш” курсында алған билимлерине таянып сораў-жуўаплар өткерип материклер ҳәм океанлар ҳаққындағы мағлыўматлар бериледи. Оқыўшыларға өзбетинше орынлаў жеке орынлаў ушын тапсырма береди:

**Тапсырма:** Берилген сүўретлерге қарап материклердиң майданы жағынан избе-излигин табың: (Оқытыўшы тахтаға материклердиң сүўретлерин презентация арқалы яки көргизбели қурал ретинде қояды)








Оқыўшылар бул тапсырманы Тәбияттаныў сабақларында яки “Тәбийий география басланғыш” курсында алған билимлерине таянып орынлайды. Егерде оқыўшылардың өзлестириўи ушын тапсырма қыйыншылық туўдырса карта ҳәм атласлардан пайдаланыў усыныс етиледи.

**2-Тапсырма:** Ҳәр бир материк ушын еки мағлыўмат таярлаң**:**

Бул тапсырманы оқыўшылар жуплықта орынлайды. Оқыўшылар өзлериниң алған билимлерине сүйенген ҳалда мағлыўматларды жазады. Мысалы:

1-Африка- ең ыссы материк;

2-Майданы жағынан екинши орында турады;

Бундай өзбетинше тапсырмаларды орынлаў оқыўшылардың 4-класста “Тәбияттаныў” сабағында ҳәм 5-класста “Тәбийий географияның басланғыш курсын”да алған билимлерин есине түсиреди, сүўретлерди көриў арқалы карталарды үйрениў, анализлеў көнликпесин раўажаландырады соның менен бирге салыстырыў уқыплылығы да пайда болады.

Оқыўшылардың карта менен ислесиўин қәлиплестириў ушын да өзбетинше тапсырмалар таярлаўымыз мүмкин. Мысалы: оқыўшыларға төмендегише сораўлар жазылған тарқатпалар бериледи:

- Еки континенттен қуралған материкти айтың ҳәм картадан көрсетип бериң?
- Еки материктен ибарат континентти айтың ҳәм картадан көрсетип бериң?
- Экватор сызығы ҳәм басланғыш мердиан қайсы материклерди кесип өтетуғынлығын анықлаң;
- Қайсы материклер арқа ярым шарда жайласқан?
- Жер жүзиндеги ең үлкен атаўларды көрсетиң;

Бул тапсырманы оқыўшылар топарларда яки жеке түрде орынлаўы да мүмкин. Бул оқытыўшының шешимине байланыслы болады.

3-тапсырма: Географиялық қабықтың шегералары, өзгешеликлери темасы бойынша да өзбетинше тапсырмалар таярлаўымыз мүмкин.

Мысалы: Жеке тапсырма: Берилген кестени сабақлықтан пайдаланып дәптерлериңизге жазың?

| Географиялық қабықтың шегералары | Географиялық қабықтың өзине тән өзгешелиги | Географиялық қабықтың вертикал дүзилисиниң өзгешелиги | Географиялық қабықтың горизантал дүзилисиндеги өзгешелиги |
|---|---|---|---|
| | | | |

Оқыўшылар бул тапсырманы орынлаўда сабақлық пенен тиккелей ислеседи. Бул тапсырманы орынлаў барысында оқыўшылар географиялық қабықтың шегералары ҳәм олардың өзгешеликлери бойынша мағлыўматларды өзбетинше үйренеди. Олар сабақлық арқалы географиялық қабықтың ең жоқарғы шегерасы озон пердесине, төменги шегерасы геўек жынысларының астыңғы бөлимлерине туўра келетуғынлығы ҳаққында мағлыўматлар таярлаўы мүмкин. Бул мағлыўматлардың жуўмағында оқытыўшы азон қабығы оның әҳмийети ҳәм бүгинги күни азон қабығының тесилиўи ақыбетинде пайда болып атырған климатымыздағы өзгерислер ҳаққындағы мағлыўмат-ларды берип кетиўи усыныс етиледи.

Жуўмақластырып айтатуғын болсақ оқытыўшы-лардың сабақ процесин алып барыўының бир қыйлылығы оқыўшылар арасында қызығыўшылықтың

пәсейиуине алып келеди. Соның ушын оқыўшылардың қызығыўшылығын арттырыўда, алған теориялық билимлерин әмелиятта қоллай алыў көнликпелерин раўажландырыўға өзбетинше тапсырмаларды қалайынша орынлатыў үлкен жәрдем береди. Өзбетинше тапсырмаларды оқыўшыларға қалайынша орынлаўы кереклигин үйретиў арқалы ийелеп атырған билимлерин тереңлестирген, өзбетинше анализлеў хәттеки жуўмақ шығара алыў көнликпелерин қәлиплестириў заман талабы болып оларды бүгинги халықаралық баҳалаў бағдарламасы бойынша таярлаған болар едик.

**Әдебиятлар**


1. "Ўзбекистон Республикаси Халқ таълими тизимини 2030 йилгача ривожлантириш концепциясини тасдиқлаш тўғрисида"ги 2019-йил 29-апрельдаги №ПФ 5712 сонли фармони.
2. Мўминов О."Тәбийий география таълими методикаси" Т-1976
3. СоатовА., Абдулқосимов А., Миракмалов М. "География" 6-класс оқыўшылары ушын сабақлық. –Т.: 2017.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада умумий ўрта таълим мактаб ўқувчиларининг ижодий тафаккурини ривожлантириш учун мустақил ишлардан фойдаланишнинг аҳамияти муҳокама қилинади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматривается важность методики использования самостоятельных работ для развития креативного мышления учеников средних школ.

**SUMMARY**

This article is about the importanse of using methods of individual work for develoving creative thinking of secondary schools pupils.


## KISHI JASTAǴÍ BALALARDÍŃ KÓRKEMLIK XÍZMETIN RAWAJLANDÍRÍWDA ERTEKLERDIŃ ÁHMIYETI


**L.Ibragimova** - *assistent oqıtıwshı*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch so'zlar:** ertak, janr, syujet, kichik yoshdagi bolalar, ertak mazmuni.

**Ключевые слова:** сказка, жанр, сюжет, маленькие дети, сказочный контент.

**Key words:** fairy tale, genre, plot, young children, fairy tale content.


Ertekler awızeki xalıq dóretpeleriniń eń bay janrlarınıń biri. Erte zamanlarda hár qıylı bolǵan, bolmaǵan, endi bolatuǵın waqıyalardı xalıq ishinen shıqqan talantlı sheshen, dilwar adamlar ertek etip dóretken. Ertekti atqarıwshılardı– ertekshiler dep ataǵan. Ertekshililik te burıńǵı ótken zamanlarda úlken kásip iyesi esaplanǵan. Ertekti toqıw ushın da, onı sulıwlap, túsigine deyin qaldırmay aytıw ushın da ayrıqsha tábiyǵıy talant kerek. Eger ertekti qızıqlı etip aytıp, sóylep bere almasań, seniń aytıp berip atırǵan waqıyań qızıq bolmaydı, sulıw sánli bolıp shıqpaydı da. Onı aytqan ertekshiler – haqıyqat oratorlar, sheshenler bolǵan. Onı aytıwdaǵı dawıs, til, hár qıylı ónerli qıymıllar, ses tolqınları, qaratpa sózler, tıńlawshınıń jan sezimin oyatpasa, ol adamdı ertekshi yaǵnıy sheshen, orator dep tilge almaǵan. Ertekshilerdi jıraw, baqsı, qıssaxan izlegendey awılma-awıl izlep, tawıp alıp ertek ayttıratuǵın bolǵan. Ertekshiler mektepleri bolǵan. Olar ustaz-shákirt bolıp bir-birinen erteklerdi úyrenip, onı kásip etip júrgen jigitler, geyde hayallar da bolǵan. Hátteki, ertekshilerdi jıynap, jarıstırıp ayttıratuǵın da bolǵan. Solardıń eń aytqıshların xalıq óz átirapına jámlep, bos waqıtlarında ertek ayttırıp dem alǵan.

Ertektiń dóreliw ásirleri uzaqta. Hátte, biziń eramızdan burıńǵı ásirlerde payda bolǵan bolsa kerek. Folkloristler payda bolıw, aytılıw dáwirlerin belgili bir ásirge taqap aytalmaydı da "Ertekler áyyem zamannan berli payda bolıp, dóretilip, taralıp hám aytılıp keledi", -dep kórsetedi. XI ásirde jasaǵan túrk tilles xalıqlardıń eń talantlı tilshi mamanı Maxmud Qashqariy ertek sóziniń mánisi: "Haslı bir nárseni áńgime qılıwdan alınǵan" [1:98], - dep kórsetedi. Sonlıqtan da ertek degen atama erterekte payda bolǵan, belgili bir dáwirde turmısta bolǵan yamasa xalıq ármanı, tilegi, oylawı boyınsha bolar-aw dep árman etken waqıyaları, belgili bir syujetke qurılǵan, obrazlı mánige iye nárse. Waqıyalardan qurılǵan uzaq yamasa jaqın háreketli waqıyalardı bildiretuǵın awızeki prozalıq shıǵarmalar esaplanadı. Erteklerde uzaq waqıyalarda qısqa syujetli waqıyalarda orın ala beriwi múmkin. Ol avtordıń yaki aytıwshınıń sheberligine túp-tiykarınan ǵárezli bolatuǵını tábiyǵıy.

Hár bir ertektiń óz mazmunı bar. Onı shıǵarıwshılar qanday da bir bolǵan – bolmaǵan maqsetlerdi niyet etip shıǵarǵan. Bálkim birinshi ertek bolıp dóretilgen waqtında ápiwayı jay waqıyalarǵa say dóregen bolıwı itimal. Biraq ol ertek aytıwshı xalıq wákilleri arqalı bir neshe ásirler dawamında qayta islenip, talay sheshenler, aytqıshlar eleginen ótken. Mazmunı da, ideyası da, baǵıtı da biraz keńeygen yamasa tarayǵan da bolıwı múmkin. Atadan balaǵa ótip bizlerdiń zamanımızǵa deyin jetip kelgen.

"Altın tawıq" degen ertekte adamnıń haywan, haywannıń adam bolıwı, shóptiń járdemi menen adamdı tiriltiw, peri qızları hám t.b. haqqında sóz boladı. Bir baydıń bir hayalınan Asan, Úsen, ekinshisinen Esen degen balalar tuwıladı. Ákesiniń júzimin jegen qustı balalar izleydi. Bunı qasqırdıń járdemi menen Esen tabadı. Esen qasqırdıń járdemi menen qasqır birde at, birde qız, birde sur tulpar bolıp periy qızın tabıwǵa járdem beredi. Patshanıń tapsırmasın orınlap qaytıp kiyatırǵanda bayaǵı aǵaları Esendi qızǵanıp onı óltiredi. Qasqır dostı káramatlı shóp penen Esendi tiriltip muradına jetkeredi.

Solay etip, joqarıda qısqasha kórip ótken hár bir ájayıp hádiysler haqqındaǵı erteklerdiń mazmun, ideyasına kóz juwırtqanımızda, adam qıyalınıń sheksiz ekenligi birden kewilge túyiledi. Adamda qansha dárejede árman, qıyal, úmit, oy, talǵam, ushqır párwaz bar. Tiykarında, adam ańsaǵan turmıs haqıyqatlıǵı jatadı da, ármanlar asıwı párwaz etip turmıslıq oylardı ne degen adam qıyalı, oyı jetip bilmeytuǵın tilsimli zatlar arqalı sol kúsegen ármanların orınlattırıp beredi. Hár bir ertek hayran qalarlıq ájayıp hádiyselerge tolı. Bil tiptegi erteklerdiń mazmunı da, obrazları da, qurılısı da ózine tán ózgeshelikleri menen ayrılıp turadı.

Solay eken, turmıs erteklerinde aqıllılıq penen aqmaqlıq, tapqırlıq penen topaslıq, ádillik penen zulımlılıq, jaqsılıq penen jamanlıq, tuwrılıq penen urlıq hám t.b. adam ómirinde ushırasatuǵın unamlı hám unamsız qásiyetlerdiń turmıstaǵı duwshar bolıwı tuwralı sóz etedi. Mıs: "Jaqsılıq qılsań ózińe, jamanlıq qılsań ózińe" degen ertektiń waqıyasın kóz aldımızǵa keltireyik. Bir hayal eldegi danıshpan adamǵa barıp, onnan "Birewge birew jaqsılıq qılsa ne qıladı?, -dep soraptı. Sonda danıshpan – "Jaqsılıq qılsań ózińe" dep juwap beripti. Onnan soń hayal taǵı danıshpannan – "Bir adam, bir adamǵa jamanlıq qılsa ne boladı?", -dep soraptı. Turmıs erteklerinde ádillik teması hámme nárseden ústem turadı. Ulıwma ertek atawlısında ádillik – olardıń baslı uranı. Haqıyqattan da dúńyaǵa shıǵıp jasap atırǵan hár bir adam ádillikti kúseydi. Hátte, ádilsizlik túr bildirgen adamda ádillik dep ah urıp, "meniń isim ádil, hár kim mendey etip ádillik islese", –dep gáp aytadı. Biraq onıń menen hámme anıq ádillik shoqqısında jasay almaydı. Gey birewlerdiń islegeni ádilsizlik bolsa da, tili "ádilmen" dep lepirip turadı. Adamdaǵı, jámiyettegi, el basshılarındaǵı